

DAFTAR PUSTAKA

- Aime Sulaiman, “Memahami Teori Konstruksi Sosial Peter L. Berger”, Jurnal Society, Vol. VI, No. 1, Juni 2016 diakses pada tanggal 11 Juli 2020
- Anggito, Albi, dkk. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Sukabumi: CV Jejak, 2018.
- Arikunto, Suharsimi. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta, 2002.
- Bangkit Rantiaksa, dkk, “Upaya Masyarakat Dalam Melestarikan Kesenian Kuda Lumping di Dusun Tegaltemu, Kel. Manding, Kab. Temanggung”, Jurnal Pendidikan Sosiologi diakses pada tanggal 15 September 2019
- Dewi Kartikasari, “Bentuk, Makna, dan Fungsi Pertunjukan Kuda Lumping Turonggo Tri Budoyo di Desa Kaligono Kec. Kaligesing Kab. Purworejo”, jurnal Program Studi Pendidikan Bahasan dan Sastra Jawa, Vol.04,No.01, Mei 2014 diakses pada tanggal 15 September 2019
- Endraswara, Suwardi. *AGAMA JAWA : Ajaran, Amalan, dan Asal-usul Kejawen*. Yogyakarta: Narasi, 2015.
- . *MISTIK KEJAWEN :Sinkretisme, Simbolisme dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi, 2018.
- Ghoni, M. Djunaidi, dkk. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media, 2014.
- Gusti Bagus Diartha Trisna, “Analisis Unsur Mistik Dalam Novel The Sinden Karya Halimah Munawir dan Kaitannya Dengan Pembelajaran Sastra di

SMK, jurnal skripsi Pendidikan Bahasa, Sastra Indonesia, dan Daerah, diakses pada tanggal 17 Juli 2020

Herdiansyah, Haris. *Metodologi Penelitian Kualitatif untuk Ilmu-ilmu Sosial*. Jakarta: Salemba Humanika, 2010.

Kahmad, Dadang. *SOSIOLOGI AGAMA*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya, 2000.

Moleong, Lexy J. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya, 2017.

Musman, Asti. *Agama Ageming Aji: Menelisik Akar Spiritualisme Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Jawi, 2017.

Poloma, Margaret M. *Sosiologi Kontemporer*. Jakarta : PT Rajagrafindo Persada, 2010.

Ridwan. *Metode dan Teknik Proposal Penelitian*. Bandung: Alfabeta, 2010.

Rizki Agung, dkk, “Budaya Kesurupan Seni Tradisi Jaranan di Banyuwangi”, diakses pada tanggal 15 September 2019.

Sardjuningsih. *Religiusitas Muslim Pesisir Selatan*. Kediri: STAIN Kediri Press, 2012.

Sugiyono. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta, 2016.

------. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta, 2013.

Syam, Nur. *Islam Pesisir*. Yogyakarta: LKis Pelangi Aksara, 2005.

Wirawan, I. B. *Teori-teori Sosial Dalam Tiga Paradigma*. Jakarta: Kencana Prenadamedia Group, 2012.

Dokumentasi



Saat melakukan wawancara dengan subyek 1 di padepokan Seni Jaranan Rogo Samboyo Putro



Alat peraga kesenian jaranan yang biasa disebut barongan



Alat peraga kesenian jaranan yang disebut kebang



Alat peraga kesenian jaranan yang biasa disebut dengan *celeng*



Ritual dedaaran saat sebelum pertunjukan dimulai, yang dilakukan oleh *bopo* (sesepuh kesenian jaranan)



Saat pemain kesenian jaranan mengalami kesurupan



Saat melakukan wawancara dengan subyek 2 dipadepokan yang subyek pimpin



Saat melakukan wawancara dengan subyek 3 di rumah subyek



Saat melakukan wawancara dengan subyek 4 di rumah subyek

Transkrip Wawancara Informan 1

Nama insial : G
 Umur : 64 tahun
 Status : Bopo sekaligus pendiri padepokan kesenian jaranan
 Tanggal/Waktu : 29 Juni 2020 pukul 10:00

No.	Pelaku	Uraian Wawancara
1.	Peneliti Subyek	<p>Bagaimana awal cerita mengenal kesenian jaranan?</p> <p>Awal e niku ya samboyo putro seng nggone Bandar, biyen setiap 17 Agustus sering maen ten mriki, terus niku di sade, kajenge kulo gadap kireng, wah iki tak gawe sejarah, kulo ngoten. Niki damel istirahat terus tapak tilas e niku kulo bangun, kulo openi, niku tahun 1992. Terus ten deso niki sak derange niku wonten organisasi seng buat kepala desa, organisasi niku mati terus kulo ngedekno niki, kulo uri-uri samboyo niku, terose mengke sak niki yoni e samboyo seng enten nganjuk niku kados tumut mriki sak niki.</p>
2.	Peneliti Subyek	<p>Apa saja runtutan acara pertunjukan kesenian jaranan?</p> <p>Pertama iku tari kepang, terus kedua celeng, manton niku ganongan seng nglucu iko nyebut e tari kucingan, mangke nek sampon guyonan telas, medal macan</p>

		<p>nopo kethek niku. Kan pancen kulo gadah angen-angen kulo damel ngoten, saget kelaksanan nggeh Alhamdulillah keturutan kepengenan kulo. Ket alit kulo kelas 3 SD pengen. Alhamdulillah sakniki kulo saget nggadah kiambek seng kulo pengeni. Tanggapan katah, saget ganti bekakas seng pon mboten layak ngoten. Penampilan akhir e iku singo barong, penak e nyebut e ya singo barong, asline barongan niku nogo. Nogo niku kan jelmaan jaman e kerajaan biyen, kan jaranan iku asline teko Kediri nggeh dongeng e Dewi Songgo Langit niku dilamar kale singo barong, singo barong niku ya kucingan iku asline, niku keng lodoyo Blitar. Niku dipundut garwo terus nggadah penjaluk kesenian seng dereng wonten ten tanah Jowo, dados anak buah e langsung damel kepang niku. Mulane jaranan iku asline ya soko Kediri.</p>
3.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Kesenian jaranan niku kan menampilkan hal-hal mistis, itu bagaimana menurut bapak?</p> <p>Niku kulo mboten percoyo kaleh ngoten-ngoten, namung nggeh tetep percoyo kaleh seng kuoso. Nggeh namung sajen sados menyan, mowo ngoten ancen asline ngoten. Mriki namung ngetotne penjaluk e nopo</p>

		<p>kan ngoten. Seng penting niku ajeng e main, umpami siang maen mengke ditotoni ten ngajeng sajen kaleh nopo-nopo ne ngoten nggeh nyuwun ten gusti pengeran terus ngoten pon mboten wonten ngeten-ngeten. Terus danyang-danyang seng mbabat alas kados disebut pamit, niku seng penting kesopanan, bosone mripis ngoten nggeh Alhamdulillah mboten wonten nopo-nopo. Nek enten lare kesurupan nggeh kulo suwuk i ngoten. Kulo boso i, nggeh manut niku, kulo salet ten sebelah e sajen ngoten, terus nggeh kulo dungak aken sitik, kulo mirsani bek aken njenengan saget nyarpesan kulo damel lantaran, mangke kulo tandangane, terus niku lemes, terus nggeh kulo boso i pon monggo njenengan kundur mawon ten griyane njenengan kiambak, kulo sebul kuping tengen medal saking kuping kiwo, saman sarengi howo sakeng rogo kulo, kulo sebul peng 3, manton niku larene sadar ponan.</p>
4.	<p>Peneliti Subyek</p>	<p>Sajen e niku nopo mawon pak? Nek sajen ngoten tumpeng, beras kuning, ingkung mateng kale ingkung mentah nek seng mentah iku biasane dicancang disalet ten mejo, kembang setaman,</p>

		kembang macan kera, kembang telon, cok bakal iku 4 takir alit-alit mengke disalep ten sajen e, dupo. Ya sajen pada umumnya lah ngoten niku.
5.	Peneliti Subyek	<p>Biasane ten awal pertunjukan ngoten niku kan wonten ritual ngoten, niku bagaimana pak?</p> <p>Sesaji niku kersane semerap, nek kulo biasane kulo bukak i sedanten niku. Kan sajen niku disuguhne nak seng barang alus niku danyang kale yoni e. Kulo nggeh nyuwun keslametan mawon, pertunjukan e lancer. Nggeh namung nek sesaji ngoten ben semerap, dados e seng bade ganggu niku mboten purun ganggu.</p> <p>Kulo nggeh nyuwun ten danyang-danyang e umpami wonten kirangane nggeh kulo ngapunten lek kirang nopo mawon nggeh niki yotro itik sewu ngoten njenengan pundut kiambak, pon aman ngoten niku. Bopo sak iki enom-enom iku kemlinti. Isok mecut ngono wes disebut bopo, padahal bopo iku kan sebutan pusoko samung diman, sakniki pole digawe dolanan ngoten.</p>
6.	Peneliti Subyek	<p>Kapan maleh niku ritual e sesajen, selain awal pertunjukan niku?</p> <p>Mangke diundang maleh pas terakhir barongan medal.</p>

		<p>Sesajen ritual ngoten nggeh ten ngajeng sak derenge main niku, bosone nggeh nyuwun sewu ten danyang kale seng mbabat alas e niku. Terus dilumpuk aken sedanten niku barongan, kepang karo liane, iku dibukak i diparingi sesajen maleh, ibarat e niku disuguh akeh ten danyang, yoni kale seng mbabat alas cek mboten wonten nopo-nopo. Terus mangke male pas kajenge singo barong e medal, niku nggeh sesajen maleh damel ngundang ngoten. Ngoten kan nggeh penting bismillah kaleh fatekah niku seng penting. Nek wonten seng kesurupan ngoten nggeh kulo pon nganteng nyuwun ten gusti Allah, kulo bosoni nggeh tunduk, kulo tangleti asmane sinten, nggeh nun sewu ngapunten niki nggeh ten rogone menungso nggeh mesak aken, nggeh ngapunten niki nggeh seje alam nggeh pon monggo njenengan kundur dalem e pundi, nek njenengan tasek mirsani nggeh monggo njenengan pinarak ten sajen mriku mawon pon ganggu. Ngono manut wesan, seng penting sopan, wujud e nggeh dados tiang jowo ngeten niki, kulo bosoni. Penting niku hormat, saling menghormati.</p>
7.	Peneliti	Umpami nek mboten melakukan ritual pamit terus

	Subyek	<p>mboten wonten sesajen ngoten pripun pak?</p> <p>Biyuh niku mengke sak estu melbet ten rogone seng njoget, pon mboten purun mantok akhir e, terus mangke seng kesurupan ya bengok-bengok ngoten, peh ngoten niku medeni. Niku samboyo putro riyen nate ngoten, biyuh katah seng melbet ten seng njoget. Kulo kan mulai kelas 3 SD pon ngetutne samboyo putro main ten pundi-pundi. Nek tiang seng mboten ngerti seni, maido nek samboyo niku biasa. Nek seng ngerti, samboyo niku sae, ancen tren iku mbak. Kulo riyen nate ten pesarean, namung nyuwun pangestu, nyuwun sawab. Kulo nate ten pesarean e mayanggoro, niku udan deres kletok-kletok ngoten, pas medal kok garing. Niku kados toyo, udan deres ngoten ten menang. Terus juru kuncine niku niki tren nopo anu, kulo nggeh pon nek tren mengke nyowo, sawab e mawon nggeh, nyuwun sawab mengke kersane enten yonine. Pertama kulo riyen nggeh ten sendang mbeto kembang setaman dicemplongne damel siram, niku nek mboten nggeh bakal mboten diparingi, niku dados tiang estri damel kebaya. Kulo nek kajenge bidal ngetutne main ngoten nggeh ados riyen, kramas, mengke cek suci, bersih ngoten, kan kajenge pamit ten</p>
--	--------	--

		<p>danyang ngoten niku. Kulo pengen ngedek aken jaranan niki kulo ten sumber dadapan, peh ten mriku ulo ne gedi, ulo ghaib ngoten niku. Niku kulo nggeh dalu, kulo semedi ten mriku nyuwun, pengen semerap joko baru klinting. Niku dados sokle padang ngoten, terus ganteng. Kulo medal niku, ancen peh ulo gedi. Biasane jam 7 malam niku medal e, ten dalan ngoten. Nate ten ratan niku, ndas kale buntut niku mboten semerap, sangking dowone. Pas semerap niku pon mboten saget mlampah, ngangkat sikil iku abot.</p>
8.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Nek ten griyo ngeten, barongane nggeh diparingi sajen pak?</p> <p>Enggeh mbak, nggeh wonten malam-malam tertentu niku maringi menyan kaleh dupa niku. Riyen nggeh tau niku kulo cantol aken ten tembok, ngoten kulo lewat niku ceblok. Nggeh kulo mikir, napo niki kok ceblok, lah paku ne niku tasek kuat, mboten cepot. Bak e benjeng e wonten job, mangkane niku kok ceblok, dados e kajeng e wonten job benjeng e. Nek kepang e mboten maringi nopo-nopo mbak, nggeh ngeten mawon. Nek pecut e wonten seng kulo asma' i.</p>
9.	Peneliti	Biasane niku kan wonten atraksi seng diluar nalar,

	Subyek	<p>niku pripun pak?</p> <p>Iku ya onok mbak, biasane ya maem beling, gulung-gulung ndek beling karo di idek ngoten niku, wonten seng maem kelinci, ulo ngoten niku. Atraksi ngoten niku nggeh mboten sembarangan mbak. Kudu pemain khusus, mboten saget nek pemain lintune. Ngoten nggeh butuh latihan mbak, kan wonten teorine. Seng asli gadah ilmu kebal nggeh wonten posone ngoten niku. Beling ngoten nek empuk, kudu direndem karo godong tapak liman, nek mboten direndem mengke ya getihen mbak. Kan wonten trik e ngoten niku, wonten teorine, mboten sembarangan. Nek gulung-gulung niku, mboten angsal napas mbak, dadose kudu nahan napas. Nek mboten nahan, wo ciloko mbak, beret kabeh mengke. Nek atraksi ngene iki biasane gk mesti mbak, tergantung permintaan seng nanggap. Kadang wonten seng pengen, wonten seng mboten.</p>
10.	Peneliti Subyek	<p>Sak derenge nopo wonten ritual e pak?</p> <p>Ritual e nggeh ritual suguh niku, kan niku pon mewakili sedanten. Niku pon nedhi keslametan nggeh an. Biasane kulo ngoten nggeh namung ngucapne “hom swasti swastu” terus baru “assalamualaikum”.</p>

		<p>Kan terose agama asli jowo kan mboten islam toh mbak, dadose kulo seng pertama nggeh salame hom swasti swastu niku. Islam kan ya ora mung sholat tok toh mbak, kudu ndue sifat ikhlas karo sabar, diparingi rejeki sitik akeh kudu ditrimo, percuma mbak nek seng dalil ngono terus karo tanggane iri, mboten purun bantu sesama. Kudu percoyo barang alus ngono iku pancen onok mbak.</p>
--	--	---

Transkrip Wawancara Informan 2

Nama insial : M
 Umur : 60 tahun
 Status : Pemimpin Padepokan Kesenian Jaranan
 Tanggal/Waktu : 5 Juli 2020 pukul 10:30

No.	Pelaku	Uraian Wawancara
1.	Peneliti Subyek	<p>Bagaimana awal cerita mengenal kesenian jaranan?</p> <p>Kulo riyen mboten ngertos nopo-nopo mbak, kulo mirsani kale yugo kulo mbajeng niku, ten pundi-pundi mirsani terus sadranan ten ngetrep niku mirsani, terus bapake nggeh mendel mawon terus mireng diwanti.</p> <p>Kulo ningali riyen nggeh tahun 1997 an mbak, ningali terus kulo remen, kaleh bapake dipeseni yo gk opo-opo ndelok'o pokok mboten ngeten-ngeten. Terus mireng di sade, terus ibuk'e sinden mbk endah niku mari kulo, mirah kok mbak riyen tasek sekawan ewu, sak wayangae, sekawan juta niku loh mbak. Riyen sek mirah mbak, lah sak niki sedoyo pun jaranan, sak niki radi sepen gara-gara katah jaranan, tapi kulo nggeh nyantai mawon mbak, mengke nek wonten seng ser nanggap nggeh langsung ngebel ngoten.</p>

2.	Peneliti Subyek	<p>Apa saja tuntutan acara pertunjukan kesenian jaranan?</p> <p>Pertama nggeh kepang enem niku larene rade enom-enom, mengke nek kepang sekawan niku nggeh pon nggada yogo setunggal ngoten niku, mantun niku kucingan ganongan sak grup ngoten niku mbak, nggeh macan, kucing, kethek, ganongan, babi ngoten niku, mantun niku celengan, wayang enem celengan e kaleh, terus bar iku barongan, barongane enek enem, mangke kadang lare-lare nggeh mbeto kiambak. Biasane nggeh wonten atraksi-atraksi ngoten, paling nggeh namung ngloncati bunderan api ngono, trus bal api ngono iku mbak, terus mangan beling, macem-macem mbak, tergantung permintaan seng naggap.</p>
3.	Peneliti Subyek	<p>Biasane sak derenge tampil niku kan pamit ten pundhen, niku ten mriki yho'nopo buk?</p> <p>Nggeh mengke ajenge main tanglet, niki pundhen e pundi, diwuruki kaleh gambuh-gamboh niku, coro ngoten kan kulo nuwun ngoten niku mbak. Lah nek kulo ten pamenag mriku Joyoboyo mriko pamite, benjeng injing main, mengke dalu kulo ten mriko. Ten padepokane Joyoboyo mriko, ket rumiyen nderek lorene pak samboyo. Kan samboyo pon dibeto ten</p>

		Nganjuk toh mbak, tapi seng ten mriko gamelane, seng ten mriki wayange asli, cuma namine sanjoyo putro, kan kulo ngedek'aken anyar maleh mbak.
4.	Peneliti Subyek	Kalau ten Joyoboyo mriko ibuk'e kiambek'an? Nggeh kale kakung kulo niko, lek kulo mboten saget nopo-nopo, saestu mbak secuil mboten saget. Ten mriko nggeh pokok'e nyuwune slamet ngoten niko cek mboten enten nopo-nopo sak rombongan bidal, cek mboten wonten halangan.
5.	Peneliti Subyek	Kalau ditempat yang akan dibuat tampil nggeh wonten ritual buk? Nggeh ten pundhen, gambuh-gambuh ngoten niku, tanglet pak mriki pundhene pundi, mengke duduhi, nggeh mesti ngoten, nek mboten nggeh mboten wanton kulo. Coro nek dusun niku mboten wonten pundhen, nggeh kutukan mawon disebut, nggeh pas bade tampil ngoten niku. Seng bahaya nggeh ngoten niku mbak, umpami tiang ngoten diapusi sek kenek, nek ngoten niku mboten kengen diapusi.
6.	Peneliti Subyek	Kalau ritual ngoten kan wonten sesajie, niku sesajie nopo mawon buk? Pisang, kambil, gendhis, terus dawet, rujak legi,

		<p>jenang abang, kembang telon, terus kembang setaman, kaleh nggen setunggale barongan, setunggale celeng niku. Nek celengan iku wonten telone, nek barongan mboten enten. Lek celeng ndadi kan mesti nuwun telo toh mbak. Engken wonten ingkung, tumpenge nggeh kiambak-kiambak, tumpeng barongan niku lincip, ingkunge setunggal, lawuhe rempelo ati disunduk'i, tumpeng celengan niku nggeh benten maleh. Niku mengke nek ndadi nggeh nek nyuwun pisang nggeh disukani, nyuwun ingkung nggeh disukani, nopo niku gendhis, telur, niku diparingi. Nyuwun utuk-utuk ayam urip niku, seng lar'e pon medal katah. Ngoten nggeh mangke di dum-dumne seng mirsani.</p>
7.	<p>Peneliti Subyek</p>	<p>Nek mantun ten pundhen ngoten, nopo maleh buk? Niku mengke suguh, pas ajenge main niku. Niku kan diandapne, mengke dipon kembang setaman, tabuhane son puji Pengeran niku, nyuwune nggeh tabuhane niku mbak. Niku namung sekar, menyan, minyak srimpi kengeng, minyak melati kengeng, pokok seng berbau minyak. Nek barongan ndadi niku dipakani beras kuning niku diurap kaleh sekar.</p>
8.	<p>Peneliti</p>	<p>Pas ajenge main barongan kan niku nggeh wonten</p>

	Subyek	<p>ritual, niku pripun?</p> <p>Nggeh pas ajenge main ngoten nggeh wonten, jaranan nggeh ngoten niku. Mboten wonten sesajie, nggeh namung menyan, nek bungae nggeh mengke ditaburne dicampur kaleh beras kuning niku. Nek ngoten niku pon gambuhe, nek sajen nggeh kulo seng ndamel, nggeh wonten kulup, mie, tahu ombo-ombo ngoten niku, terus sambel goreng tempe tahu, teri niku. Nek mriki sajen ngoten pon manut bukune pak samboyo niku. Kalau ten sanjoyo mriki lengkap mbak, pon ket riyen unine pak samboyo niku mboten wanton ninggalaken. Niki lek malem Jum'at Legi ngoten makani niki mbak, maem'e nggeh menyan madu niku dibong, kaleh kembang sekar telon, kaleh kembang setaman ngoten niku, aku gak wani mbak nek menyan liane iku. Kepange nggeh namung disirami tuyo kembang setaman niku, nggeh mengke kan didados aken setunggal ten mriku toh mbak, nggeh sedanten kan dados setunggal, liane nggeh mambu kutukane niku. Seng ngeri kan ngoten niku, nek lintune mboten mbak.</p>
9.	Peneliti	Nek umpami mboten sowan ten pundhen ngoten niku

	Subyek	<p>nopo'o buk?</p> <p>Mboten wanton kulo mbak, coro ngoten kan awak'e dewe ten mriku kan namu toh mbak, nggeh kudune kulo nyuwun, seng nunggu deso mriku. Nek mboten nggeh mengke wonten keribetan nopo, duko wayange dewe, duko seng ndelok ngrusuhi, ngoten niku kan nggeh wonten. Wonten riyen pas tampil sareng jaranan mojoroto, jaranan kulo tampil nggeh mboten wonten nopo-nopo, lah seng jaranan niku terope diwalik ngoten, niku wonten salah satu pundhene mboten disambang, dadose nggeh terope niku diwalik mbak, nggeh kulo sanjangi monggo ten mriko langsung disekar. Ngoten niku kudu percoyo mbak, nek seng mboten percoyo woo dijungkerne kono nek gak percoyo ngono mbak. Nate mbak yogo kulo maen niku loh ajenge nyuwun yogo kulo, terose pas mantun ndadi niku terose rojone gedi ngoten. Terus kulo dikengken mantuk mendet kembang telon, nggeh slamete kulo nyinggahne, niku langsung kulo balik ten mriko maleh. Nggeh Alhamdulillah mboten wonten nopo-nopo maleh. Ngoten niku kudu siap mbak, coro ngoten telas kudu nyisahne kale, mboten telas blas ngoten, kan damel persiapan ngoten niku. Kulo riyen</p>
--	--------	--

		<p>nggeh seneng kale jaranan, terus niku kulo tumbas jaranan niku. Ten ngajeng kan wonten pondok toh mbak, niku tiange fanatik'e nemen niku mbak, padahal nggeh ningali nek wonten jaranan maen niku. Kan asline ten agomo mboten haram toh mbak kesenian niku, nek kulo kan nggeh penting kesenian nggeh kesenian, agomo nggeh agomo, mboten dicampuraken ngoten. Nek kulo mbak, nek pas kirab ngoten umpami mesjid'e mboten purun dilewati nggeh mboten nopo-nopo, ngoten niku masyarakat seng fanatik nggeh ningali jaranan. Nek mriki mbak, jembatan nganti balai dusun niku terus etan sak mriki, mboten angsal main jaranan, nabuh gong ngoten mboten angsal, kan syirik'ane jaman riyen mbak. Ngoten niku nggeh kudu percaya mbak, nek ten mriki nggeh wonten makhluk ghaib, kajenge mboten percaya nggeh yho'nopo mbak, wong tiang jawi kan kadose ngoten niku.</p>
10.	<p>Peneliti Subyek</p>	<p>Ritual ngoten niku nopo wonten pengaruhe buk? Nek pengaruh lintune mboten mbak. Kulo ngoten niku nggeh nek pas ate tampil kaleh tampil ngoten, nggeh kaleh makani niku, lintune mboten wonten nopo-nopo</p>

		mbak. Pokok kan ya kesenian nggeh kesenian, agomo nggeh agomo ngoten mbak.
--	--	--

Transkrip Wawancara Informan 3

Nama insial : S
 Umur : 40 tahun
 Status : Bopo Kesenian Jaranan
 Tanggal/Waktu : 8 Juli 2020 pukul 18:30

No.	Pelaku	Uraian Wawancara
1.	Peneliti Subyek	<p>Bagaimana awal cerita mengenal kesenian jaranan?</p> <p>Mulai cilik aku wes dikenalne jaranan mbak, keluarga kulo sedanten nggeh turunan seni, mulai bapak, ibuk, pak lek, mbah sedoyo tumut samboyo niku. Mulai kulo alit niku pon tumut samboyo putro ten pundi-pundi, kan samboyo putro iku kan mbah kulo toh mbak, dadi y awes ket alit tumut main ten pundi-pundi. Biyen pertama kali aku main, ya main kepang iku mbak, kan ten samboyo riyen wonten kepang cilik toh mbak, nggeh niku kulo tumut. Sedanten kulo nggeh main mbak, kulo nggeh barong, nggeh kucing, nggeh celeng, lek sak niki kulo namung bopo mawon. Jadi bopo niki nggeh pon angsal tigo nopo sekawan tahun ponan.</p>
2.	Peneliti	Apa saja runtutan acara pertunjukan kesenian jaranan?

	Subyek	<p>Nggeh pertama niku medal jaran enem, jaran sekawan, mengke kucingan, mantun niku celengan kale barongan. Nggeh lek riyen kan asli jaran niku kan nggeh namung iring-iringane Dewi Songgo Langit niku, namung iring-iringane Dewi Sekartaji niku dicegat kale singo barong niku akhire perang niku. Asline kan namung ganongan kale barongan, lah jaran niku namung prajurit toh mbak. Lah sak rene didamel kesenian ngeten, ben ampere saget dowo, saget rame, saget meriah nggeh akhire diparingi bagian-bagian pertama, diparingi jaranan, nggeh intine namung barongan niku mbak. Nggeh barongan niku perang kaleh jaran, asline ceritane iku tok mbak, liane niku kan namung tambahan. Kadang nggeh wonten atraksi mbak, tapi tergantung seng naggap ngono iku. Paling biasane ya mangan beling, terus dulinan api ngono iku mbak, mangan silet, macem-macem mbak.</p>
3.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Biasane sak derenge tampil niku kan pamit ten pundhen, niku ten mriki yho'nopo pak?</p> <p>Nggeh mbak, nek ngoten niku kedah ngoten kan nggeh mertamu toh mbak, nggeh permisi kale danyangane dusun mriku, nggeh kasarane nggeh ben</p>

		<p>diparingi slamet, diparingi aman mulai awal sampek akhir, engken cek mboten wonten gangguan nopo-nopo. Niku kan nggeh turunan tiang jawi riyen mbak, kepercayaan orang jawa kan ngoten toh mbak. Kadang nggeh wonten tiang seng mboten percados nggeh wonten, tiang sedoyo kan nggeh nggada kepercayaan kiambak. Nggeh kulo kan turunan jowo toh mbak, kedah njowo sembarang-barang, tiang jawi kan ngoten.</p>
4.	<p>Peneliti Subyek</p>	<p>Ngoten niku nopo mbeto sesaji pak?</p> <p>Nggeh pamit mawon kale mbeto sekar, wonten seng rame ngoten, mbeto cok bakal, kembang sekar. Kan kantong nyuwune pedanyangane pripun, keangenane pedanyangane ngoten nopo, biasae kan ngoten. Nggeh mbak, kadang kados nek daerah nganjuk'an kan sadran, bersih deso ngoten kan benten-benten toh mbak. Pedanyangan nggeh ngoten niku, danyang setiap dusun nggeh mboten sami mbak. Lek biasane nggeh namung sekar mbak, sekar telon, sekar delima, sekar wangi ngoten niku. Mengke nek kados cok bakal, kados lintune ngoten kadang nggeh tuan rumah mbak. Nek pihak jaranan nggeh namung sekar,</p>

		menyan ngoten niku. Seng ngertos nopo-nopone kan nggeh mesti tuan rumah toh mbak. Pihak jaranan kan nggeh namung jalani tok.
5.	Peneliti Subyek	<p>Kalau sebelum tampil ngoten kan nggeh wonten ritual, niku pripun pak?</p> <p>Niku kan kados lurine jaman samboyo riyen ngoten mbak, damel konsep ngoten niku. Nggeh niku kan kados ayo kabeh dideleh ndek ngarep, ngekek'i sesaji nak Hyange, kudu madep mriko ngoten. Lek sanjoyo sakniki niku kan nyuwune ten pamenag, dadose main ten pundi-pundi nggeh madepe ten pamenag. Ngoten niku kan nujune ten pusate, nek ten mriki kan samboyo sampek sanjoyo kan ten pamenag.</p>
6.	Peneliti Subyek	<p>Kalau ritual ngoten kan wonten sesajie, niku sesajie nopo mawon pak?</p> <p>Nggeh, coro ngoten dedaharan mbak. Ngoten niku nuwune Hyange, lah mangke sesaji wonten nggeh sekar, kaleh kembang setaman, mengke lek sampon kale Hyange, lah sedoyo dicaosi dedaharan, dipakani, diadusi, didahari sedoyo. Kasarane nggeh ben kabeh warek, ben ora ngongso, engko nek luwe iso ngongso pemaine mbak, tapi lek kuwareken enggak mbak.</p>

		<p>Mergi ngoten kan nggeh ngundang bongso ngoten niku mbak, mengke lek sampek mboten disiapne dahar, mengke sampek luwe, mengke mangane mangan pemaine, mengke akhire nggeh nyusahne pemaine. Nek sampon dahar sedoyo, nggeh dipasrahne, kasarane ben mboten nggawe, mboten umbalelo, dadi disetir penak ngono mbak, disetir kan penak kabeh. Kedah ngoten kan mahare toh mbak, ijole ngoten niku.</p>
7.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Nek ajenge medale barongan niku wonten ritual maleh, niku pripun pak?</p> <p>Iku sajenan mbak, kan ancene niku sajen damel nyajeni anggota mbak. Wontene sajen niku kan damel nyajeni anggota kabeh, ben anggotane kajen, ben anggotane niki slamet kabeh. Nggeh diparingi ingkung, pitik utuh niku, cok bakal, gedang, wes abo-rampe sedoyo, jenang sengkolo, wonten sedoyo mbak, sekar, mulai sekar wangi, sekar telon, sedoyo dikompliti mbak, lah niku damel nyajeni pemaine, niku ben pemaine kajen, ben pemaine slamet kabeh, mulakno pas barongan niku dislameti mbak, ben slamet kabeh mulai awal sampek akhir kabeh slamet,</p>

		<p>budal slamet moleh slamet. Riyen kan jaranan kan nggeh kerono jawi toh mbak, dadi sedoyo iku wonten maknane, wonten nggen-nggenane dewe. Mergo jaranan sak niki kan wonten seng seni, wonten seng disetrekne tenan, enek seng gawe kejawen tenan, enek seng namung penting main, ngoten niku kan katah toh mbak. Jaranan sak iki wes rusak toh mbak, lah nopo sak niki barongan poleh wakeh, sakjane singo barong niku nggeh namung sitok, singo barong niku kan rojo, rojo kan namung setunggal, mboten katah ngoten.</p>
8.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Barongan ngoten niku kan nggeh wonten seng ndadi, niku pripun pak?</p> <p>Nggeh nek jaman samboyo nggeh ndadi tenan mbak, nek sakniki kan kasarane nggeh seng ndadi tenan iku kenek dititene mbak. Mengke kados seng barong kan saget semerap keangenane toh mbak, nek ndadi njaluk'e ngene, lah dadi ngno iku wes ketok mbak. Lah soko mripate ketok mbak, nek wo pas ndadi langsung dicepak-cepakne, berarti iki teko tenan mbak. Lah nek didelok soko biyen leluhur mbak-mbah biyen iki nek nguri-nguri kan tekan sak niki, lah sak niki jaranan pon ngawur mbak, katah tawuran ngoten.</p>

9.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Nek kulo mirengaken, lagune ten kesenian jaranan niku wonten maknane, niku pripun pak?</p> <p>Ndisek enek mbak, ndisek iki kabeh enek maknane, koyok pomo-pomo, niku kan koyok gending sirep ngoten mbak, pomo-pomo, kidung, niku kan gending sirep, asline kan joko montro toh mbak, ndisek iki asline joko montro, makane dingge nyirep barang konok'an ben sirep, ben amrehe mboten dawuh, amrehe mboten borak, kabeh gending-gending iku enek ciri khase dewe-dewe. Nek sakniki pon pop dangdut ngoten niku, nek ndisek enek tondone mbak, nek jaranan metu iki engko njaluk lagu iki. Ndisek mesti ngono, nek mboten dinyanyekne mesti ngamuk, ndisek ngono iku mbak. Ngono iku kan mergo teko lurine ndisek, ya gawane ndisek ngoten. Kadang nggeh seng ndadi kae, gorong wayahe muleh wes krungu gending muleh, ngoten niku ngamok, sembarang diorat-arit, mergo kan urung wayahe mulih mbak, tapi kok enek seng njaluk gending awit muleh. Dadi nek durung wayahe ya gak wani muleh mbak, ngono iku kan wes paham wayah-wayaha muleh mbak. Lah pie, nek ngopeni nggeh pon puluhan tahun. Mergo niki kan nggeh ben malem Jum'at legi kan</p>
----	-------------------------------	--

		<p>nggeh dipakani mbak, ben Jum'at legi barang kene dipakani kabeh mbak, didusi, diresik'i, dipakani kabeh, ben malem jum'at legi. Maem'e nggeh kembang telon, enek seng njaluk kembang melati, seng bedo niki ya nggor loro tok mbak, kantil kaleh melati tok, macan kaleh celengan tok niku, liane ya kembang telon niku. Malem jum'at legi iku wes kudu mbak, pokok'e biasane mboten sampak kelewat jam 12 malam, nek kelewat kan pon mboten jum'at legi maleh mbak. Ngopeni niki nggeh susah mbak, ngoten niku mboten saget telat, nek telat nggeh ngamuk ngoten. Tau ngamuk mbak, pawon ku dibong, niku gara-gara menyane kliru mbak, biasane menyane madu, niku kaleh moro sepah diparingi menyane arab, pon niku ngamuk-ngamuk mbak. Jaranan ngoten niku kan wonten pemikate mbak, dadose nggadahi daya tarik ngoten. Nek seng ngerti kesenian jaranan mbak, jaranan kui ajaran seng tenanan, maknane asline nggeh katah mbak, tambah dulur (ora ngerti kono, paleh ngerti kono), ora ngerti danyangan kono poleh ngerti danyangan kono, jane kon mbelajari, ajarono seng temenan, ngajari golek dulur, ngajari golek konco, ngajari golek ilmu, ngajari golek pengalaman, jane</p>
--	--	--

		<p>jaranan iku wakeh mbak maknane. Kesenian jaranan niku kan asline nggeh nasional, coro nyuwune nggeh panggah ten Gusti mbak, kabeh iki podo asline. Jaranan iku yo ora nek nyembah setan mbak, asline ya enggak mbak, kan koyok ritual-ritual ngoten niku kan namung saroni toh mbak, nyuwune nggeh panggah kaleh Gusti Allah niku. Nggeh kadang uwong niku wonten seng salah dalan ngono iku mbak, asline kan ngoten niku namung lantaran, nuwune penak gak'e urip ya panggah nak seng gawe urip mbak. Disalah gunakne ngoten niku seng dadi terjerumus ngoten niku mbak, nek wong omong ora digatekne disek, ogak dirungokne disek, dadi terjerumus ngono iku mergo ora dirungokne seng tenan ngono iku mbk.</p>
--	--	--

Transkrip Wawancara Informan 4

Nama insial : W
 Umur : 61 tahun
 Status : Pemimpin Kesenian Jaranan
 Tanggal/Waktu : 10 Juli 2020 pukul 18:30

No.	Pelaku	Uraian Wawancara
1.	Peneliti Subyek	<p>Bagaimana awal cerita mengenal kesenian jaranan?</p> <p>Lek kulo pon kat alit mbak, kulo riyen kenal jaranan niku. Kulo riyen tumut gabung jaranan pundi-pundi, kulo riyen nggeh pemain celeng, kepang ngoten niku. Nek kulo ketua niki nggeh nembe mbak, riyen nggeh namung pemain ngoten niku. Soale nek dadi ketua kan kudu tau njaran mbak. Setiap bulan wonten rapat mbak, rapat antar ketua kesenian jaranan se-Kota Kediri bagian timur, ngoten niku nggeh bahas jaranan, nggeh wonten arisane mbak. Masio kulo njaran kulo nggeh tumut pengajian mbak, kulo nggeh anggota pengajian rutin ngoten ten mriki, nggeh yasinan, tahlilan ngoten, kan nggeh panggah percoyo e ten Gusti Allah.</p>
2.	Peneliti	Apa saja runtutan acara pertunjukan kesenian jaranan?

	Subyek	Mengke nggeh nek pedotan siang malam, mengke sonten kale seng dalu sekawan. Pertama mengke jaranan, terus lek mriki jam sekawan sonten wonten reog e mbak bagian penutupan. Jaranan seng pertama ngoten nggeh lare alit, kedua nggeh radi dewasa ngoten. Nek seng dalu, pertama nggeh jaranan, mengke celengan, nek wonten reog e nggeh medal reog kale ganongan, kucingan niku, mengke terakhir nggeh jaranan kaleh barongan niku.
3.	Peneliti Subyek	Biasane sak derenge tampil niku kan pamit ten pundhen, niku ten mriki yho'nopo pak? Nggeh niku sesaji mbak, nyebute biasane suguh mbak. Umpami mriki danyange mriki, mengke enten suguhe majeng e ngetan nopo ngilen ngoten tergantung pundhene ten sebelah pundi. Niku ajeg mbak, kulo riyen kale bopo niko tau mbak ajenge main, dalu jam 12 niku izin mbak, kulo nuwun ngoten loh mbak. Coro ngoten minta izin toh mbak, nek minta lintune ngoten nggeh mboten, nek minta seng lintu-lintu nggeh kaleh Gusti Allah mbak, ngoten namung minta izin kersane mboten wonten gangguan.
4.	Peneliti	Ngoten niku nopo mbeto sesaji pak?

	Subyek	Enggeh mbak, komplit ngoten niku mbak. Nggeh tumpeng, kulup, ayam ingkung niku, dawet, rujak legi, kembang telon, kembang setaman, kembang goreng, kembang liman, cok bakal. Sedoyo pundhen ngoten niku mbak, nggeh gambohe ngoten niku dibagi mbak, pokok kudu ditekani mbak. Riyen main ten sumber, terose barang ngoten niku podo teko mbak, podo ndelok ngoten niku loh mbak tapi mboten ganggu. Kan jaranan ngoten niku kan damel atraksi-atraksi kan nggeh ngundang makhluk halus ngoten niku mbak.
5.	Peneliti Subyek	Kalau sebelum tampil ngoten kan nggeh wonten ritual, niku priipun pak? Ngoten niku nggeh dipakani ngoten mbak. Mangkane toh mbak kan barongane dicekel didepne nak angkluh toh mbak, beluk'e menyan niku loh mbak, dimaemne ngoten niku, lah namine nggeh dipakani ngoten niku. Nek urusan ngoten kan pon dipasrahne nak bopone mbak.
6.	Peneliti Subyek	Kalau ritual ngoten kan wonten sesajie, niku sesajie nopo mawon pak? Lek maeme ngoten niku namung dupo, menyan ngoten niku. Mengke nek wonten seng ndadi iku

		<p>nuwun kembang, biasane nggeh kembang setaman. Ngoten niku kudu pon cepak mbak. Soale mengke nek ndadi, nek njaluk nggeh kudu langsung diparingi, nek mboten nggeh mengke ngamuk-ngamuk ngoten niku mbak. Riye tau mbak, maen ten sumber, wonten pemain seng mipisi pohon gedi mbak, dadose pemaine nggeh ndadi. Pas ndadi niku kulo digolek'i mbak, nak endi pemimpine, seng nunggu pohone niku wau nesu mbak, mergo omahe dipipisi, ngoten niku masuk ten barongan mbak, ngamuk-ngamuk ngoten, terus kulo ditekoni, sampean ketuane le, enggeh mbah, omahku diuyuhi yo aku pegel, nggeh lupute seng katah mbah nggeh pancen tiang katah kulo ngoten mbak. Terus nyuwun barongane ken makani mbak, terus nggeh pon mboten nopo-nopo. Lak kerasukan ngoten niku saestu loh mbak. Lek seng kesurupan asli ngoten mbak biasane nyuwune ten pundhen ngoten niku.</p>
7.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Nek ajenge medale barongan niku wonten ritual maleh, niku pripun pak?</p> <p>Ngoten niku damel ngetokne barongan mbak, nek barongane pon medal nggeh pon mboten. Niku kan seng mecut barongan toh mbak. Ngoten niku kan</p>

		<p>nggeh dibagi mbak, umpami seng mecut setunggal, mengke barongane seng dipecut gangsal, ngoten niku.</p> <p>Nek mecut terrr ngoten, mengke barongane obah., nek pon meneng, ganti barongan setunggal maleh. Nek bopo ngepakne niku nggeh mulai ritual suguh pertama niku, gampangane ngoten siloh mbak, sedanten bopo toh mbak ngoten niku, suguh niku nggeh siloh.</p> <p>Ngoten niku kan nggeh pokok'e pengen aman, disebut danyang-danyange ten mriki sak rencang-rencange, pokok'e ngoten niku ben tentrem. Dibeto ten pundhene terus dimaemi mengke saget sadar, tapi nggeh ngoten angel tambanane mbak. Rata-rata ngoten niku nggeh nuwune kembang setaman mbak.</p>
8.	Peneliti Subyek	<p>Mriki wonten kayak atraksi-atraksi ngoten pak?</p> <p>Enggeh wonten mbak, nggeh namung maem beling ngoten. Sak niki mboten macem-macem atraksine, ngoten nggeh tergantung seng nanggap. Nek ten mriki nggeh umume maem beling ngoten. Paling nggeh nek ndadi ngoten nedi kembang mbak. Terus nggeh rokok kaleh menyan niku kudu wonten.</p>

Transkrip Wawancara Informan 5

Nama insial : C
 Umur : 26 tahun
 Status : Pemain Kesenian Jaranan
 Tanggal/Waktu : 11 Juli 2020 pukul 17:00

No.	Pelaku	Uraian Wawancara
1.	Peneliti Subyek	<p>Bagaimana awal cerita mengenal kesenian jaranan?</p> <p>Kulo ngenal kesenian jaranan nggeh pon dangu, mulai SD kulo pon tumut njaran bagian kepang cilik iku mbak. Kalau kulo kan nggeh faktor keturunan toh mbak, bapak saya kan juga seniman jaranan mbak, karena sering lihat bapak dan diajak jika ada pertunjukan nggeh jadi ikut seneng, ketularan lah mbak. Semakin saya terjun ke jaranan, semakin dalam ya semakin senang, jadi hobi mbak. Kadang ya jadi pekerjaan juga mbak, tapi ya bukan pekerjaan inti. Masio aku njaran, nek muleh ya panggah sholat mbak. Misal muleh shubuh, aku teko ya langsung adus terus sholat shubuh mbak, ya koyok biasa ngono. Kan percoyo e ya panggah nak Gusti Allah mbak ngono iku.</p>

2.	Peneliti Subyek	<p>Apa saja runtutan acara pertunjukan kesenian jaranan?</p> <p>Ya seng pertama iku jaran kepang kembar 6, terus jaran kepang kembar 4, maringono ganongan perang karo kucingan, terus jaran kepang perang musuh celeng srenggi, seng terakhir jaran kepang perang karo singo barong tapi seng menang panggah singo barong.</p>
3.	Peneliti Subyek	<p>Biasane sak derenge tampil niku kan pamit ten pundhen, niku pripun mas?</p> <p>Misal kita mau tampil disuatu tempat, niku kan ibarate nggeh kita permisi, kulo nuwun lah mbak ten para leluhur mriku. Nggeh ten pundhen desa mriku, pamit izin nggeh cek mboten wonten halangan lah mbak, kan nggeh namu ten daerah mriku, nggeh kudune pamit. Biasanya seng ten pundhen ngoten niku nggeh sesepuh jaranan atau biasa disebut gamboh atau bopo.</p>
4.	Peneliti Subyek	<p>Ngoten niku nopo mbeto sesaji mas?</p> <p>Ngono iku ya perlengkapane ya sesaji mbak terus barang-barang kesenian jaranan yang sekiranya disakralkan atau di khususkan seperti itu. Kalau sesajie ya sesaji jawa pada umumnya mbak, nggeh wonten tumpeng, ingkung, kembang telon, cok bakal, Komplit koyok sesaji jawa ngono iku mbak.</p>

5.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Kalau tidak melakukan ritual ngoten pripun mas?</p> <p>Nek iku tergantung kepercayaan masing-masing mbak, biasanya kalau tidak melaksanakan itu khawatir akan terjadi hal-hal yang tidak diinginkan, hal-hal yang tidak bisa dinalar ngono iku mbak. Seperti ya jaranan kan ada fasilitas toh mbak, panggung, sound, lah kadang nek gk dilaksanakan ngoten niku, sound e gak bunyi, terus panggung kok jungkung, terus pemainnya iku gak bisa seger, gak bisa fit gitu. Ngoten niku nggeh mbalike diserahno nak Tuhan mbak, cuma perantaranya kan beda, seperti agama beda-beda, ritualnya juga beda-beda. Karena kita jaranan Kediri yang orangnya asli suku jawa, ya adat leluhur jawa yang dilaksanakan. Grup jaranan kan ya sebagai tamu toh mbak, kudune ya pamit nak seng ndue omah, ya ngono iku mbak, pamit izin.</p>
6.	<p>Peneliti</p> <p>Subyek</p>	<p>Kalau sebelum pertunjukan dimulai kan ada ritual, itu nama e apa mas?</p> <p>Iku nama e suguhe sesaji mbak, tapi biasa disebut suguhe ngono. Iku ritual ya do'a agar pertunjukan berjalan dengan lancar mulai awal sampek akhir, pemaine ya selamat. Ya do'a gawe keselamatan ngono</p>

		iku mbak, cek gak onok gangguan-gangguan.
7.	Peneliti Subyek	Itu kan ya ada sesajie mas, itu bagaimana? Sesaji e ya sama kayak sesaji jawa ngono iku mbak. Menyan, dupa, ingkung, kembang setaman, kembang sekar, macem-macem mbak, pokok ya komplit koyok sesaji jawa ngono iku.
8.	Peneliti Subyek	Kalau sebelum barongan keluar, itu ritual apa mas? Ya sugu mbak, sugu iku dilakukan soale kan barongan iku spesial, mergo barongan kan menang terus toh mbak nek perang, terus perawakannya ya tinggi besar dadi ya spesial. Tapi sesajie ya cuma menyan ngono mbak. Paling ya siap kembang kenanga, kembang kantil, karo kembang mawar. Iku kan gawe siap-siap mbak nek barongan ndadi, soale biasane ya njaluk kembang ngono iku.
9.	Peneliti Subyek	Kalau di grup ini apa ada atraksi gitu mas? Kalau disini gak ada atraksi aneh-aneh mbak, paling ya gerakan akrobatik seng di adopsi soko gerakan pencak silat ngono kui. Nek atraksi-atraksi gak ada, ya pemain khusus seng akrobatik ngono mbak. Biasane ya seng iso engko ditularno seng liane, ben enek peneruse.

DAFTAR KONSULTASI



**KEMENTERIAN AGAMA
INSTITUT AGAMA ISLAM NEGERI
(I A I N) KEDIRI
FAKULTAS USHULUDDIN DAN DAKWAH**

Alamat : Jl. Sunan Ampel No. 7 Ngronggo Kediri (Kode Pos) 64127 ☎Telp. (0354) 689282 - Fax. (0354) 686564

DAFTAR KONSULTASI PENYELESAIAN SKRIPSI

Nama Mahasiswa : Diana Purniawati
 Nomor Induk Mahasiswa : 933702716
 Fakultas / Jurusan : Ushuluddin dan Dakwah / Sosiologi Agama
 Semester / Tahun Akademik : 9 / 2020
 Judul Skripsi : Praktik Mistik dan Keberagamaan Pada Seniman Jaranan di Kota Kediri

NO.	TANGGAL KONSULTASI	CATATAN DOSEN PEMBIMBING	TANDA TANGAN
1.	7 April 2020	BAB 1	
2.	20 April 2020	BAB 1 tambah tentang keberagamaan. Lanjut BAB 2	
3.	4 Mei 2020	Revisi BAB 2	
4.	10 Mei 2020	ACC BAB 2. Lanjut ke BAB 3	
5.	13 Juni 2020	Revisi BAB 3	
6.	1 Juli 2020	ACC BAB 1, 2 dan 3	
7.	8 September 2020	BAB 4, 5, 6	
8.	10 September 2020	ACC Skripsi	

Catatan: Penyusunan skripsi harus merujuk pada buku Pedoman Penulisan Karya Ilmiah IAIN Kediri

Kediri, 9 November 2020
DOSEN PEMBIMBING

Dr. Sardjuningsih, M.Ag
NIP. 196004201987032002



**KEMENTERIAN AGAMA
INSTITUT AGAMA ISLAM NEGERI
(I A I N) KEDIRI
FAKULTAS USHULUDDIN DAN DAKWAH**

Alamat : Jl. Sunan Ampel No. 7 Ngronggo Kediri (Kode Pos) 64127 ☎Telp. (0354) 689282 - Fax. (0354) 686564

DAFTAR KONSULTASI PENYELESAIAN SKRIPSI

Nama Mahasiswa : Diana Purniawati
 Nomor Induk Mahasiswa : 933702716
 Fakultas / Jurusan : Ushuluddin dan Dakwah / Sosiologi Agama
 Semester / Tahun Akademik : 9 / 2020
 Judul Skripsi : Praktik Mistik dan Keberagamaan Pada Seniman Jaranan di Kota Kediri

NO.	TANGGAL KONSULTASI	CATATAN DOSEN PEMBIMBING	TANDA TANGAN
1.	3 April 2020	BAB 1	
2.	17 April 2020	Revisi BAB 1 , Lanjut BAB 2	
3.	20 April 2020	Revisi BAB 2 . Lanjut BAB 3	
4.	12 Juli 2020	ACC BAB 1, 2 dan 3	
5.	29 Juli 2020	BAB 4, 5 dan 6	
6.	15 Agustus 2020	Revisi BAB 4 dan 5	
7.	20 Agustus 2020	ACC Skripsi	
8.			

Catatan: Penyusunan skripsi harus merujuk pada buku Pedoman Penulisan Karya Ilmiah IAIN Kediri

Kediri, 9 November 2020
DOSEN PEMBIMBING

Maufur, MA.

NIP. 198007072015031001

BIODATA PENULIS



Diana Purniawati, lahir di Kediri, Jawa Timur 10 Juni 1998. Penulis anak kedua dan terakhir dari pasangan Ibu Mu'ani dan Bapak Purnomo. Penulis mempunyai saudara yaitu Mbak Mariati dan mempunyai keponakan Adik Aqillah. Penulis menyelesaikan pendidikan Taman Kanak-kanak di TK. Masyitoh Kejapanan- Gempol

Pasuruan, Jawa Timur. Kemudian melanjutkan Sekolah Dasar di SD Kejapanan III Gempol- Pasuruan, Jawa Timur. Menjalani pendidikan MTs di MTs AL-ARIF Gempol-Pasuruan, Jawa Timur. Melanjutkan sekolah di SMK AL-FUDLOLA' Porong-Sidoarjo, Jawa Timur. Melanjutkan pendidikan di perguruan tinggi IAIN Kediri lewat jalur SPAN-PTKIN (Seleksi Prestasi Akademik Nasional- Perguruan Tinggi Keagamaan Islam Negeri). Pengalaman organisasi penulis, waktu di MTs AL-ARIF Gempol pernah ikut organisasi OSIS selama 2 tahun. Saat di SMK AL-FUDLOLA' Porong, juga mengikuti organisasi OSIS dan pernah menjadi Ketua OSIS.